**दिन–शनिवार** **दिनांक–26.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भोरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकसभक संग अपन विचार आदान प्रदान करताह। ई एहि कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। एकर अलावे मन की बात के प्रसारण आकाशवाणी के वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। कार्यक्रम के प्रसार भारती के वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। एहि कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय, आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल सभ पर सेहो सीधा प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मधुबनी जिलाक दौरा पर आइ छओ सय पचास करोड़ टाका सँ बेसी के लागतिबला विभिन्न विकास योजना सभक शिलान्यास कयलनि। एहि योजना सभ मे पुरानी कमला आ जीवछ कमला नदी के पुनर्जिविकरण, माता सीता आ प्रभु श्रीरामक प्रथम मिलनस्थल फुलहर स्थान के पर्यटक स्थलक रूप मे विकसित करब सम्मिलित अछि। एकर अलावे मुख्यमंत्री जयनगर शहीद चौकक लऽग रेल ओवर ब्रिज आ मधुबनी मे अंतरराज्यीय बस अड्डा के निर्माण काजक सेहो शिलान्यास कयलनि। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सीतामढी जिलाक पुनौराधाम स्थित माता जानकी मंदिर मे पूजा–अर्चना कयलनि। ओ आठ अगस्त के होबऽवला माता जानकी मंदिरक शिलान्यास कार्यक्रमक तैयारी के सेहो जनतब लेलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जन संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, सांसद संजय कुमार चौधरी सहित कतेको वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बिहार पत्रकार सम्मान पेंशन योजनाक अंतर्गत आब सभ पात्र पत्रकार लोकनि के छओ हजार टाका के स्थान पर पन्द्रह हजार टाका मासिक पेंशन देबाक घोषणा कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार कहलनि जे योजनाक अंतर्गत पेंशन प्राप्त कऽ रहल पत्रकार लोकनिक मृत्यु हेबाक स्थिति मे हुनक आश्रित पति–पत्नी के आब जीवनभरि दस हजार टाका के पेंशन राशि भेटत। पहिने ई राशि तीन हजार टाका छल।

————————————————————

राष्ट्रीय जनता दलक राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसाद पार्टीक विभिन्न प्रकोष्ठ के राष्ट्रीय अध्यक्षक मनोनयन कयलनि अछि। पार्टीक प्रवक्ता चितरंजन गगन जनौलनि जे पूर्व केन्द्रीय मंत्री श्रीमती कांति सिंह के महिला प्रकोष्ठ, सांसद अभय कुशवाहा के युवा प्रकोष्ठ आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री अली अशरफ फातमी के अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। ओतहि, पूर्व मंत्री शिवचन्द्र राम के अनुसूचित जाति आ जनजाति प्रकोष्ठ आ सांसद सुधाकर सिंह के किसान प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनाओल गेल अछि।

————————————————————

राज्यक विभिन्न क्षेत्र सभ मे वर्षा मे कमी हेबाक कारण गंगा, कोसी, गंडक आ बूढ़ी गंडक सहित विभिन्न नदी सभक जलस्तर मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर, पटना, मुंगेर आ भागलपुर मे घटल अछि। कहलगांव मे सेहो नदीक जलस्तर कम भेल अछि मुदा खतराक निशान सँ एखनहुं ऊपर अछि। एम्हर, बूढ़ी गंडक नदी के जलस्तर मे सेहो राज्य मे प्रमुख स्थान सभ पर कमी दर्ज कयल गेल अछि। जखनकि खगड़िया मे नदी के जलस्तर कम भेलाक बादो लाल निशान सँ लगभग दस सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। कोसी नदीक जलस्तर मे सेहो कमी भेलाक बादो खगड़ियाक बलतारा आ कटिहार के कुरसेला मे पानि लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसीतर क्षेत्र मे लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ किशनगंज आ सुपौल सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग मे किछु

ठाम भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक कतेको क्षेत्र मे अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत अंधर–पानि आ ठनका खसबाक आशंका जनौलक अछि। एम्हर, पटना आ लऽग पासक क्षेत्र सभ मे भोरहि सँ मेघ लागल अछि। कतहुं–कतहुं तेज हवाक संग रूकि रूकि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि।

———————————————————————

राष्ट्र आइ कारगिल विजय दिवस मना रहल अछि। वर्ष उन्नैस सय निनानवें में पाकिस्तानक विरूद्ध भेल कारगिल युद्ध मे शहीद भेल वीर जवान लोकनि के श्रद्धांजलि देल जा रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अवसर पर शहीद लोकनि के श्रद्धांजलि अर्पित करैत कहलनि जे हुनका लोकनिक राष्ट्रक लेल समर्पण आ सर्वोच्च बलिदान देशवासी लोकनि के सदैव प्रेरित करैत रहत। एम्हर, प्रदेश के फराक–फराक क्षेत्र सभ मे विजय दिवस पर श्रद्धांजलि कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। पटनाक कारगिल चौक पर आयोजित विशेष कार्यक्रम मे जिलाधिकारी त्यागराजन एस.एम. शहीद स्मारक पर पुष्प अर्पित कऽ वीर लोकनि के नमन कयलनि।

———————————————————————

समाप्त भेल